

AN NOU LITE KONT PINEZ

Men kek ti konsey pratik pou anpeche pinez gaye lakay nou.



Ou ka jwenn pinez nan tout kalite kay, kit se se yon bel kay, yon kay ki pa two bel, yon kay ki pwop oswa yon kay ki sal. Ou pa bezwen jennen si w genyen bet sa yo lakay ou. Sa ki pi enpotan se pou w kapab aji byen vit pouw detui yo.

KISA YON PINEZ YE?

- Yon pinez ki fin devlope se yon bet ki ka gwose ti grenn ou jwenn anndan frui yo rele pom lan.
- Li pike moun lan nwit. E se san moun ke li itilize kom manje.
- Piki li sanble ak piki marengwen yo.
- Li pa rete kote ki genyen limye epi ou jwenn li nan chanm kote moun domi, tou pre kabann lan ak nan kouti matla yo.
- Li pa vole e li pa sote sou moun. Pou li ka deplase se mache li mache.



KI PWOBLEM SANTE PINEZ KA BAY ?

- Pinez pa transmet maladi.
- Piki pinez yo ka lakoz kow gratew.
- Yon moun ka gen enfeksyon nan po w le w grate anpil kote pinez la pike w.
- Gen dives kalite pwoblem yon moun ka genyen le pinez modew, tankou ou pa domi byen, ou gen la perez, epi ou pa pran kontak ak lot moun.

KIJAN W KA FE KONNEN GEN PINEZ LAKAY OU?

Si w pa we pinez yo, men ki siy ki ka fe w konnen genyen pinez lakay ou

- Piki sou po w sanble ak piki marengwen.
- Po w ap grate w.
- Wap we ti tach nwa sou kouti matla a.
- Wap we ti tach san sou dra ak sou kouti matla a.



KIJAN YO GAYE nan kay yo?

- Yo deplase de yon kay a yon lot.
- Yo transpote pa dives kalite bagay :
 - malet, valiz, bous, rad etc.
 - meb, sitou matla ak meb boure tankou chez oswa fotey.

KIJAN W KA ANPECHE PINEZ GAYE ANNDAN KAY OU?

Pa janm pote lakay ou matla oswa meb ou jwenn nan lari, tankou sofa, chez, chez long menm si yo paret nef, paske pinez ka sere nan yo.

Si wap achte oswa si yo fe w kado rad dezyem men :

- Mete yo nan sak plastik ki byen femen anvan ou rantre nan kay la ave yo.
- Mete yo nan machin ki fet pou seche rad yo. Itilize tanperati ki pi wo. Kite rad yo seche pandan 30 minit omwen de fason pou w ka tiye pinez ak tout ze ki ka nan rad yo.
- Jete sak vid nan yon poubel ki deyo kay la.

Si wap achte oswa si yo fe w kado meb dezyem men:

- Enspekte yo epi netwaye yo tre byen anvan ou rantre nan kay la ave yo.
- Evite matla oswa meb boure dezyem men.

KI SA POU W FE AK MATLA OSWA MEB KI GENYEN PINEZ YO?

Si eksterminate a mande w pou w jete meb yo, anvan w jete yo nan la ri, dechire yo oswa kraze yo dekwa pou lot moun pa ka itilize yo. Mete matla yo nan sak plastik byen femen avan w jete yo deyo (wap jwenn sak gratis nan biwo Acces Montreal).

EKSTEMINASYON

Lokate a dwe enfome met kay la rapidman ke kay la gen pinez.

PREPARASYON KAY LA ANVAN EKSTEMINASYON AN KOMANSE

Pou eksterminasyon an ka reyisi, lokate yo dwe kolabore ak met kay la epi suiv tou sa eksterminate a di yo tankou :

- Debarase tout plaka yo, tout amwa yo, tout tirwa ki nan kwafez yo. Mete rad yo, dra, kouvrel, kouvete matla yo nan yon machin ki pou seche. Kite yo seche nan tanperati ki pi wo a pandan 30 minit dekwa pou tiye tout pinez ak tou ze ki taka sere nan bagay sa yo.
- Mete rad yo, dra yo, rido yo nan sak plastik ki byen femen jiskaske eksterminasyon an fini net.
- Retire tout bagay ki ka ampeche travay eksterminasyon an fet byen.
- Pase aspirate a tou patou nan kay la, anba meb yo, anndan pandri a, nan tout kwen miray yo. Mete tout sa ki nan aspirate a nan sak plastik byen femen epi jete l nan poubel ki deyo kay la.
- Pale ak eksterminate a anvan w jete matla ak meb boure yo. Si yo toujou bon, yo ka resevwa tretman pou tiye pinez yo.
- Pa pote nouvo meb nan kay la anvan eksterminasyon an fini net.

Pou yon eksterminasyon ka reyisi, dwe gen kolaborasyon ant lokate a, met kay la ak eksterminate a.

RESPONSABILITE LOKATE A

Lokate a dwe :

- Fe met kay l a oswa moun ki an chaj tout kay yo konnen byen vit ke genyen pinez nan kay la.
- Rele 3-1-1 pou pale ak yon reprezantan Divizyon pemis ak inspeksyon ki nan awondisman l lan si li pa jwenn yon repons pozitif nan men met kay la.
- Pemet eksterminate a vizite tout pyes ki genyen nan kay la.
- Kenbe kay la pwop epi retire tout bagay ki ka ampeche eksterminate a fe travay li korekteman.
- Suiv tout sa eksterminate a diw pou fe.

Atansyon : pa essaye rezoud pwoblem la pou kont ou. Pa itilize insektisid oswa pwodui yo vann nan boutik pou tiye ensek yo. Pwodui sa yo ka few malad epi ka fe li pi difisil pou tiye pinez yo.

RESKONSABILITE MET KAY LA

Depi met kay la konnen genyen pinez nan kay la men ki sa li dwe fe :

- Komanse demach pou ranje sityasyon an
- Amplwaye yon antrepriz ki konn fe eksteminyasyon pou li kapap tiye tout pinez kabann ki nan kay la.
- Pemet eksterminate a gade byen tout kote anndan kay la, lot kay ki tou pre kay kote yo te jwenn pinez yo e si an ka li bezwen, tout lot kay, dekwa pou li ka tiye tout pinez ki genyen anndan kay la.

REKONSABILITE EKSTEMINATE A

Eksterminate a dwe :

- Fe tout sa li kapab pou jwenn pinez ki nan pyes kay la, nan kay ki tou pre yo, epi si li bezwen, nan tout lot kay yo.
- Fe si ke pa gen pinez anko nan kay la kelkeswa gwose yo. Eksterminate a dwe tounen anko omwen yon fwa nan menm zon nan apre premye tretman an dekwa pou li si ke pa gen pinez anko ditou.
- Fe tout jefo pou pa itilize san w pa bezwen insektisid oswa pwodui yo vann nan boutik pou tiye pinez yo. Ou ka itilize vape dlo cho kom mwayen pou kapab detwi pinez ki nan matla ak meb boure yo.
- Pran yon otorizasyon ki soti nan Ministe Devlopman dirab ak anviwonman, ak lit kont chanjman nan klima, epi amplwaye teknisyen ki genyen setifika pou fe travay sa a.

POU W KA JWENN PLIS ENFOMASYON OU KA ALE NAN SIT ENTENET SA A :

lespunaisesdelit.info
avoidbedbugs.info

swa ou ka rele nan nimewo sa a : 311

Oganizasyon ki ap okipel de sa se : Vil Montreal.
Sit entenet li se ville.montreal.qc.ca.
Ou ka ale tou sou sit entenet Ajans sante ak sevis sosyal Montreal : santemontreal.qc.ca oswa Ofis minisipal abitasyon Montreal : omhm.qc.ca